# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## ҚАН ҲӘМ ОНЫҢ ҚУРАМА БӨЛЕКЛЕРИ ДОНОРЛЫҒЫ ҲАҚҚЫНДА

**(жаңа редакция)**

Бул редакция 12.11.2003-ж. 223/II-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

### 1-статья. Усы Нызамның мақсети

Усы Нызамның мақсети қан ҳәм оның қурама бөлеклериниң донорлығы тараўындағы қатнасықларды тәртипке салыўдан ибарат.

### 2-статья. Тийкарғы түсиниклер

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**донор** - өз қаны ҳәм оның қурама бөлеклериниң бир бөлегин медицина зәрүрликлери ушын өз ерки менен бериўши физикалық шахс;

**донор қаны банки** - қан хызмети тәрепинен таярланған ҳәм жаңаланып барылатуғын, узақ мүддет сақлаўға мөлшерленген донор қаны қурама бөлеклериниң запаслары;

**донор қаны препаратлары** - донор қанының қурама бөлеклерин қайта ислеўде алынған емлеў қураллары;

**донор қаны қурама бөлеклери** - қанның қан плазмасы ҳәм клеткалары түриндеги қосымша бөлеклери.

### 3-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери

Қан ҳәм оның қурама бөлеклериниң донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам актлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халық аралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының қан ҳәм оның қурама бөлеклериниң донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылғаннан басқа қәделер белгиленген болса, халық аралық шәртнама қәделери қолланылады.

### 4-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығының тийкарғы принциплери

Қан ҳәм оның қурама бөлеклериниң донорлығының тийкарғы принциплери төмендегилерден ибарат:

қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың еркинлиги;

қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың инсан ушын зыянсызлығы;

донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин пайдаланыўдың қәўипсизлиги.

**5-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың еркинлиги**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин медицина зәрүрликлери ушын тапсырыў донор тәрепинен өз ерки тийкарында әмелге асырылады.

Шахсты қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўға мәжбүрлеўге жол қойылмайды.

**6-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың инсан ушын зыянсызлығын тәмийинлеў**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың инсан ушын зыянсызлығы қан менен ислеў хызмети тәрепинен донор болыўға разылық билдирген шахсты медициналық көриктен өткериў, қан ҳәм оның қурама бөлеклерин алыўда медицина хызметкерлериниң санитария-гигиена қәделери ҳәм қағыйдаларын сақлаўы, сондай-ақ қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыўдың мүддети ҳәм көлемин сақлаў арқалы тәмийинленеди.

**7-статья. Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин пайдаланыў қәўипсизлигин тәмийинлеў**

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин пайдаланыў қәўипсизлигин тәмийинлеў денсаўлықты сақлаў системасының емлеў-профилактика мекемелериниң медицина хызметкерлери тәрепинен әмелге асырылады. Медицина хызметкерлери донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклери сапасына ҳәм де қәўипсизлигине кепиллик бериўши белгиленген стандартларға бойсыныўлары үстинен қадағалаўды әмелге асырыўлары шәрт.

**8-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў шәртлери**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў биййпул ҳәм пул төлеў тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин.

Донор қанының қурама бөлеклери кейин ала, зәрүр болғанда, донордың өзине жумсалыўын нәзерде тутып тапсырыў (аутодонорлық) нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**9-статья. Медициналық көриктен өткериў**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў жасы он сегизге толған шахслар Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленетуғын тәртипте медициналық көриктен өткерилгеннен кейин ғана әмелге асырылады.

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў алдынан шахсларды медициналық көриктен өткериў ҳәмде олардың денсаўлығы ҳаққында ҳүжжет бериў биййпул әмелге асырылады.

**10-статья. Донор қаны ҳәм оның қурама бөleклерин жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў, сақлаў ҳәм пайдаланыў**

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў ҳәм сақлаўды қан менен ислеў хызмети әмелге асырады.

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин, сондай ақ донор қаны препаратларын пайдаланыў денсаўлықты сақлаў системасының емлеў-профилактика мекемелеринде әмелге асырылады.

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў, сақлаў ҳәмде пайдаланыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленеди.

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин жыйнаў, таярлаў ҳәм қайта ислеўди жеке тәртипте әмелге асырыў қадаған етиледи.

**11-статья. Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерине болған зәрүрликлер**

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерине, сондай ақ донор қаны препаратларына болған зәрүрликлер, донор қаны банкин дүзиў ҳәм жаңалап барыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**12-статья. Қан менен ислеў хызмети**

Қан менен ислеў хызмети мәмлекетлик денсаўлықты сақлаў тараўының донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў, сақлаў бойынша қәнигелестирилген медицина шөлкемлери комплексинен ибарат.

Қан менен ислеў хызмети искерлигин муўапықластырыў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**13-статья. Қан менен ислеў хызмети ўәкилликлери**

Қан менен ислеў хызмети қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын шөлкемлестириўди төмендеги жоллар менен әмелге асырады:

донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў, сақлаў;

халықты қан ҳәм оның қурама бөлеклерин өз ерки менен тапсырыўға тартыў;

донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин, сондай ақ донор қаны препаратларын пайдаланыў қәўипсизлиги шараятларын тәмийинлеў;

донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклери, сондай ақ донор қаны препаратларын тасыўды шөлкемлестириў;

донор қаны банкин дүзиў ҳәм жаңалап барыў.

Қан менен ислеў хызмети нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ўәкилликлерди де әмелге асырыўы мүмкин.

**14-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳәм орынлардағы мәмлекетлик басқарыў уйымларының қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳәм орынлардағы мәмлекетлик басқарыў уйымлары өз ўәкилликлери шегинде:

қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң орынланыўын тәмийинлейди;

өз аймақларында қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын шөлкемлестиреди;

қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыўға Қарақалпақстан Республикасы ҳәм жергиликли бюджетден қаржылар ажыратады.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң ҳәм орынлардағы мәмлекетлик басқарыў уйымлары қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы саласында нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ўәкилликлерди де әмелге асырыўлары мүмкин.

**15-статья. Кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы саласындағы миннетлемелери**

Кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер басшылары, әскерий бөлим командирлери (баслықлары):

шахсларды донорлар қатарына тартыўда қан менен ислеў хызметине жәрдемлеседи;

медициналық көриктен өтетуғын ҳәм қан тапсыратуғын күни донорды оның тилегине муўапық жумыс орны, хызмет ямаса оқыў орнынан денсаўлықты сақлаў мекемелерине барыўға тосқынлықсыз рухсат береди, донордың сол күнлери жумыс ямаса хызмет орнында болмаўы адамлар өмири ямаса денсаўлығына қәўип туўдырыўға, мәмлекеттиң қорғалыўы, қәўипсизлиги ҳәм жәмәәт тәртибин тәмийинлеў менен байланыслы ўазыйпалар орынланбаўына ямаса басқа аўыр ақыбетлерге алып келиўи мүмкин болған жағдайлар буған кирмейди;

қан тапсырыў шөлкемлестирилиўи ушын зәрүр болған имаратларды берип турады;

донорға нызам ҳүжжетлеринде белгиленген кепилликлерди береди ҳәм хошаметлеў шараларын қоллайды.

**16-статья. Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыўда қатнасыўы**

Қарақалпақстан Қызыл Ярым ай жәмийети, басқа мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары

халықты қан ҳәм оның қурама бөлеклери бийпул донорлығына тартыўда, донорларды хошаметлеўде, ғалаба хабар қураллары арқалы халықты кең түрде хабардар етиўди шөлкемлестириўде ҳәм де қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыўға байланыслы басқа илажларға да қатнасыўлары мүмкин.

Халықты қан ҳәм оның қурама бөлеклери бийпул донорлығына тартыў мақсетинде қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыўшы жәмийетлик қорлары дүзилиўи мүмкин ҳәм дүзилиў тәртиби нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

**17-статья. Донордың ҳуқықлары**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў ўақтында донор нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте төмендеги ҳуқықларға ийе:

денсаўлығы сақланыўы кепиллигиниң медицина хызметкерлери тәрепинен тәмийинлениўи;

денсаўлығына келтирилген зыянның орнының қапланыўы;

бийпул аўқат пенен тәмийинлениўи;

донор нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

**18-статья. Донор болыўға разылық билдирген шахстың миннетлемелери**

Донор болыўға разылық билдирген шахс медициналық көриктен өтиў ўақтында өзи билген бурынғы ҳәм ҳәзирги кеселликлери ҳаққындағы мағлыўматларды мәлим етиўи шәрт.

**19-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў тәртиби**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленеди.

Қан тапсырыў бир мәртелик қан алыў төрт жүз миллилитрден, сондай ақ лаборатория тексериўлери ушын жигирма миллилитрден артық болмаған мөлшерде жылына төрт мәртебеден аспаўы керек.

Қанның қурама бөлеклериниң көлемин ҳәм белгили ўақытта тапсырыўы, сондай ақ лаборатория тексериўлери ушын қан тапсырыў Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги тәрепинен белгиленеди.

**20-статья. Донорға берилетуғын кепилликлер ҳәм компенсациялар**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсыратуғын ҳәм медициналық көриктен өтетуғын күни донор усы күнлер ушын орташа ис ҳақы сақланған ҳалда жумыстан азат етиледи.

Орта арнаўлы, кәсиплик билимлендириў мекемелериниң оқыўшылары, жоқары оқыў орынларының талабалары ҳәм  билим алыўшылардың басқа

тайпалары қан ҳәм оның қурама бөleклерин тапсыратуғын ҳәм медициналық көриктен өтетуғын күни оқыўдан, әскерий хызметтегилер болса нарядларды орынлаўдан, хызметти өтеўдиң вахта ҳәм басқа түрлеринен азат етиледи.

Донорға ҳәр қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырған күнниң ертеңине дем алыў ушын орташа ис ҳақы сақланған ҳалда қосымша бир күн бериледи. Донордың қәлеўи бойынша усы дем алыс күни ҳәр жылғы мийнет дем алысына қосып берилиўи мүмкин.

**21-статья. Донорды хошаметлеў**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклерин турақлы түрде ҳәм бийпул тапсырыўшы донор «Өзбекстан Республикасы ҳүрметли доноры» көкирек нышаны менен сыйлықланады.

Донор нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған басқа ҳәр қыйлы түрлерде де хошаметлениўи мүмкин.

**22-статья. Қан менен ислеў хызметиндеги медицина хызметкерлерин социаллық қорғаў**

Қан менен ислеў хызметиниң қан ҳәм оның қурама бөлеклерин тапсырыў, оларды жыйнаў, таярлаў, қайта ислеў ҳәм сақлаў барысында қан менен байланыста болыўшы медицина хызметкерлерине нызам ҳүжжетлерине муўапық жеңилликлер бериледи.

**23-статья. Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин, сондай-ақ донор қаны препаратларын тасыў**

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин, сондай ақ донор қаны препаратларын тасыў тийисли транспорт түрлеринде айырым тайпадағы арнаўлы жүклерди тасыў бойынша белгиленген талапларға бойсынған ҳалда әмелге асырылады.

Донор қаны ҳәм оның қурама бөлеклерин, сондай ақ донор қаны препаратларын тасыў тәртиби нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

**24-статья. Айрықша жағдайларда қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын шөлкемлестириў**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында тәбийий апатлар, авариялар ҳәм апатшылықлар, эпидемиялар, эпизоотиялар жүз бергенде ҳәм басқа да айрықша жағдайларда қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын шөлкемлестириў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**25-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыў илажларын қаржыландырыў**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығын раўажландырыў илажларын қаржыландырыў Мәмлекетлик бюджет қаржылары ҳәм нызам ҳүжжетлеринде қадаған етилмеген басқа дереклер есабынан әмелге асырылады.

**26-статья. Даўаларды шешиў**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы саласындағы даўалар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**27-статья. Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғаны ушын жуўапкершилик**

Қан ҳәм оның қурама бөлеклери донорлығы ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузған айыплы шахслар белгиленген тәртипте жуўапкер болады.